

ZIKA: ENFÒMASYON FONDAMANTAL SOU VIRIS LA AK KÒMAN POU PWOTEJE TÈT OU KONT LI



Konsènan Zika

Plis moun pran virus Zika a lè yon espès marengwen Aedes (*Ae. aegypti* ak *Ae. albopictus*) mòde yo. Yon moun kapab pran Zika lè moun li konn fè sèks ak li gen Zika epi yon fanm ansent kapab bay fetis li virus la tou. Nou kapab pwoteje tèt nou lè nou pa kite marengwen mòde nou, ak lè nou pran prekosyon nan fè sèks. Feyè enfòmasyon sa a eksplike ki moun maladi sa a afekte plis ak poukisa, sentòm ak tretman yo, ak jan pou pwoteje tèt ou kont Zika.


Kijan Zika Simaye

Pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont kout dan marengwen lajounen kou lanwit, kit ou anndan oswa deyò.
Marengwen yo vin enfekte lè yo mòde yon moun ki deja enfekte ak virus la. Apresa marengwen sa a pral mòde plis moun epi simaye virus la.



Gen lòt fason virus Zika a kapab simaye:

- Yon moun ki gen Zika kapab bay moun li konn fè sèks ak yo pandan sèks.
- Yon fanm ansent ki enfekte ak Zika kapab bay fetis li virus la pandan li ansent la oswa oswa lè I ap akouche a.
- Nan transfizyon san (gen anpil chans pou sa rive men li pa konfime).



Sentòm Zika yo

Anpil nan moun ki enfekte ak Zika p ap gen sentòm, oswa y ap gen sèlman ti sentòm lejè. Sentòm ki pi komen yo se lafyèv, gratèl, doulè nan jwenti, oswa konjonktivit (je wouj). Lòt sentòm ki pi komen yo gen ladan doulè nan misk ak tèt fè mal. Sentòm yo ka dire plizyè jou jiska yon semèn. Jeneralman virus la pa fè moun yo ase mal pou yo ale lopital, epi se raman yo mouri ak Zika. Depi yon moun te enfekte ak Zika, gen anpil chans pou yo gen pwoteksyon kont enfeksyon pi devan.



Dènye Epidemi Zika a

Kounye a gen epidemi zika nan plizyè peyi ak teritwa. Marengwen yo ki kapab vin enfekte epi simaye Zika yo ap viv nan plizyè pati nan lemonn, tankou kèk pati Ozetazini.

Souvan li difisil pou detèmine [zòn espesifik virus Zika a ap simaye yo](#) epi gen chans pou yo chanje apre yon tan. Si w ap vwayaje, tanpri vizite [sitwèb Sante Vwayajè CDC a](#) pou dènye enfòmasyon pou moun k ap vwayaje yo.

www.cdc.gov/zika

Poukisa Zika Yon Risk Pou Sèten Moun

Lè yon famn gen Zika pandan li ansent sa kapab lakòz fetis la gen yon malfòmasyon konjenital nan sèvo a ki rele mikwosefali. Nou te detekte lòt pwoblèm kay fetis ak tibebe ki enfekte ak virus Zika a avan yo fèt, tankou pwoblèm nan zye, pwoblèm pou tande, ak pwoblèm pou grandi. Epi tou nou vin jwenn plis ka sendwòm Guillain-Barré, yon maladi ra nan sistèm nève a, nan zòn ki afekte ak Zika yo.



Mikwosefali

Jan Pou Evite Zika

Pa gen okenn vaksen pou evite Zika. Pi bon fason pou evite maladi simaye ak kout dan marengwen se pa kite marengwen mode ou ak fanmi ou. **Men kijan:**



- Mete chemiz manch long avèk pantalon long.
- Rete kote ki gen èkondisyone oswa kote ki itilize til nan fenèt ak pòt pou w kenbe marengwen yo deyò.
- Fè sa ki nesesè pou konwole marengwen ki [anndan ak deyò lakay ou](#).
- Lave rad ak lòt materyèl avèk pèmetrin oswa achte bagay ki deja trete avèk pèmetrin.
- Itilize pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre avèk [Ajans Pwoteksyon Anviwònan \(EPA\)](#) ki gen youn nan engredyan aktif sa yo: Toujou swiv enstriksyon ki sou etikèt pwodwi a.
- Lè nou itilize yo jan yo di nou a, pwodwi ki pouse marengwen yo san danje epi efektif menm pou fanm ansent ak sa k ap bay tete.
- Pa flite pwodwi ki pouse marengwen an sou tibebe ki gen pi piti pase 2 mwa.
- Pa itilize pwodwi ki gen lwil ekaliptis sitwon oswa para-metàn-dyòl sou timoun ki poko gen 3 zan.
- Nou kapab itilize moustikè pou kouvri tibebe ki pi piti pase 2 mwa yo sou chèz, pousèt, ak bèso pou marengwen pa mode yo.
- Dòmi anba yon moustikè si èkondisyone a oswa chanm ki gen twil yo pa disponib oswa si w ap dòmi deyò.
- [Itilize kapòt oswa pa fè sèks menm pou evite pran Zika nan fè sèks.](#)

Kisa Pou w Fè Si Ou Gen Zika

Pa gen okenn medikaman espesifik pou trete Zika. Trete Sentòm yo:

- Repoze anpil.
- Bwè likid pou pa dezidrate.
- Pran medikaman tankou asetaminofèn pou soulaje fyèv oswa doulè a.
- Pa pran aspirin oswa medikaman kont anflamasyon ki pa gen estewoyid.
- Si w ap pran medikaman pou lòt kondisyon medikal, pale ak doktè ou oswa lòt pwofesyonèl pou swen sante anvan ou pran lòt medikaman.

Pou ede anpeche lòt moun vin malad, swiv mezi sa yo alalèt pou anpeche marengwen mode ou pandan premye semèn maladi ou a

